



Pou Piblikasyon Imedya: 29/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI PASRÈL ALBANY KI KONEKTE ANBA LAVIL ALBANY AK BÒ DLO RIVYÈ HUDSON

Nouvo pak elve yo ranfòse opòtinite lwazi pou rezidan ak vizitè rejyon kapital yo

Pwojè transfòmasyon a sipòte objektif Gouvènè Hochul pou rekonekte katye yo ak amelyore kalite lavi; Amelyore touris ak devlopman ekonomik epi dirèkteman konekte anba lavil Albany ak Santye Empire State la

Pwosesis piblik pou pwojè ranplasman pon Livingston Avenue pral kòmanse nan mwa jen

Foto yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti Pasrèl Albany transfòmasyon, yon nouvo pak elve k ap rekonekte anba lavil Albany ak bò dlo Rivyè Hudson. Pasrèl la transfòmasyon sa ki te yon ranp sòti ki pa te byen itilize nan direksyon nò Interstate 787 pou tounen yon espas iben ki bay aksè fasil nan Pak Corning Riverfront lan ak Santye Siklis Mohawk Hudson lan - ki fè pati Santye Empire State la - ki ranfòse opòtinite rekreyatif yo ak amelyore touris ak aktivite ekonomik nan Rejyon Kapital la. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a te sipèvizasyon pwojè a epi, nan patenarya avèk Vil Albany, te gide konstriksyon Pasrèl la. Vil Albany pral fè antretyen Pasrèl la.

"Achèvman Pasrèl Albany an se yon gwo chanjman pou vil la epi se yon egzanp pafè yon pwojè enfrastrikti transfòmasyon ki ankouraje ekite ak koneksyon", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Enfrastrikti a kapab plis pase apèn konstwi wout ak pon - tankou Pasrèl la, li kapab konsènan amelyorasyon kalite lavi ak korije tòn pase yo. Avèk inogirasyon sa, n ap reyini kominote divize yo, revitalize bò dlo Albany fòmasyon la ak angaje ankò nan yon vizyon transfòmasyon ki se yon pasrèl pou lavni enfrastrikti nan New York".

Gouvènè Hochul te anonse tou ke pwosesis piblik pou ranplase Pon Fewovye Livingston Avenue, ke Depatman Transpò Eta a dirije, pral kontinye nan jen avèk yon odyans piblik fòmasyon. Yon dat ak lokal nan vil Albany pral idantifye nan semèn k ap vini yo. Pon an founi yon lyen enpòtan pou sèvis fewovye pasaje yo soti nan Koridò Nòdès la pou rive nan Albany-Rensselaer. Nouvo plan kapital DOT 32.8 milya dola a gen ladan jiska 400 milyon dola pou ranplase pon ki egziste deja depi nan epòk Gè Sivil

la avèk yon nouvo estrikti modèn ki kapab sipòte transpò fewovye pasaje ki gen pi gwo vitès, transpò fewovye machandiz, transpò maritim, ak aksè ak bisiklèt ak pyeton.

Pasrèl Albany

Pwojè Pasrèl la te fèmen yon fason pèmanan ranp Clinton Avenue ki prèske pa itilize a, ki pase anba Interstate 787 ak konekte Quay Street toupre Corning Preserve nan Broadway ak Clinton Avenue nan Quackenbush Square. Ranp lan te reyamenaje kòm yon pak peyizaje polivalan pou pyeton ak siklis ki pral founi aksè non-motorize nan Rivyè Hudson ak Pak Corning Riverfront soti nan anba lavil Albany a ak katye tankou Arbor Hill, Sheridan Hollow ak Warehouse District. Apeprè yon kilomèt Pasrèl la pral konplètman aksesib epi konfòm ak Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA).

Pasrèl la gen ladan tou ekleraj pou pyeton, chèz ak jadinya sou tout santye a ak yon estrikti lonbraj toupre antre Broadway la. Syèj ki gen estil anfiteyat yo bay yon espas repo ki gen yon vi sou Rivyè Hudson.

Pasrèl la bati sou reyisit Santye Empire State selèb Eta New York la, ki se santye a plizyè izaj nan eta a ki pi long nan peyi a. Fini nan desanm 2020, santye a kouvri 1207 kilomèt ak soti nan Vil New York atravè Hudson ak Champlain Valleys rive Kanada ak soti Albany rive Buffalo sou Kanal Erie a. Li bay yon santye ki san danje ak ekstraòdinè pou Nouyòkè ak touris yo ka viv peyizaj varye Eta New York yo.

Yo founi itilizatè yo pasaj pou pyeton, pano siyalizasyon avèk gwo vizibilite ak baliz pou peze bouton pou jwenn aksè nan Pasrèl la atravè Quay Street nan pwent nò ak sid pakin Corning Riverfront lan. N ap raple itilizatè yo ki travèse Quay Street apati teren Corning Riverfront lan pou itilize pasaj pou pyeton ak bouton pou peze yo ki pral aktive baliz k ap kliyote yo. N ap raple otomobilis yo pou ralanti lè y ap apwoche Pasrèl la epi rete vijilan pou prezans pyeton ak siklis yo.

Vizite yo kapab atenn Pasrèl la dirèkteman apati Broadway nan Albany an oswa apati paking Corning Riverfront Preserve la ki sou kote Rivyè Hudson. Pou atenn paking Corning Riverfront Preserve la:

Depi Broadway nan anba lavil Albany: Swiv Broadway jiska koneksyon li avèk Frontage Road. Travèse anba I-787 pou rive nan Quay Street. Vire agoch nan Quay Street epi swiv pakin lan pou Corning Riverfront.

Depi direksyon nò I-787: Pran Sòti 4. Swiv ranp sòti a epi rete sou bò dwat la pou Quay Street. Swiv Quay Street jiska pakin pou Corning Riverfront.

Depi direksyon sid I-787: Pran Sòti 4B. Vire agoch nan Broadway. Swiv enstriksyon anwo Broadway nan anba lavil Albany.

Pon Livingston Avenue

Pwojè Pon Fewovyè Pasaje Livingston Avenue an pral ranplase pon fewovyè pou pasaje epòk Gè Sivil la konstwi sou Rivyè Hudson nan 1865, ki aktyèlman konekte Rensselaer ak Albany atravè fewovyè epi bay yon santye enpòtan pou sèvis fewovyè pasaje depi Vil New York rive Lwès New York. Deteryorasyon estrikti aktyèl la, ke CSX posede epi Amtrak lwe, limite pasaj tren yo nan youn alafwa nan vitès 24 km pa lè. Nouvo pon an pral pèmèt amelyore sèvis pasaje yo.

Pon balanswa aktyèl mobil la ap ranplae pa yon nouvo pon nan estil elevatè k ap pote estrikti a nan estanda modèn pou wotè, lajè ak vitès pou tren pasaje ak machandiz epi k ap akomode yon fason pi fyab trafik maritim apati Hudson River. Nouvo pon an pral sitiye nan sid pon ki egziste deja a nan yon aliyman paralèl epi ap pote de chemen de fè. Travay vwa apwoksimasyon an pral gen ladan amelyorasyon nan jonksyon triyangilè chemen de fè sou kote Rensselaer pou fasilite mouvman viraj tren yo ak reyabilitasyon pon fewovyè nan Water ak Center Streets sou kote Albany. Nouvo pon an pral gen ladan tou yon chemen a izaj pataje ki separe ki konekte Pasrèl Albany an ak Santye Empire State la nan Vil Rensselaer.

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

Nonmen gayan Faz 3 Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la an 2018, Vil Albany konsantre sou revitalize Clinton Square pou kreye yon pòtay akeyan an vil kapital la. Zòn sa a ki konpak ak epi ou ka mache ladan l, rich an istwa, atizay ak richès kiltirèl, se kote senk zòn investisman nan vil la konvèje. Vil la imajine revitalizasyon Clinton Square dirèkteman pandan l ap bay investisman entèkalè, amelyorasyon koridò, ak pwojè revitalizasyon lojman ki sible. Avèk investisman DRI, rezidan, vizitè ak mendèv la pral jwi nouvo lyen vè Rivyè Hudson lan. Clinton Square sou wout pou li tounen yon distri pasrèl ki pwospè ak yon santral distenktif ki konekte ak katalize aktivite nan anba lavil ak Distri Depo, epi atire elan sa nan katye Arbor Hill ak Sheridan Hollow atravè amelyorasyon enfrastruktik piblik, devlopman pwojè prive ak investisman nan domèn atistik dinamik ak divètisman.

Komisè Depatman Transpò New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Depatman Transpò a fyè pou ede mennen transfòmasyon nan Pasrèl Albany ak Pon Fewovyè Livingston Avenue, ki pral bay nouvo opòtinite lwazi pou sila yo k ap viv, travay ak vizite Rejyon Kapital la. Nouvo anviwònman pak iben Pasrèl la montre kijan enfrastruktik ki pa byen itilize kapab modènize ak itilize pou benefisye tout kominote yo ak rekonekte katye nou yo avèk anviwònman natirèl yo, pandan nouvo pon fewovyè a pral ede konekte de vil nan tou de bò Rivyè Hudson lan. Pwojè sa yo ilistre vizyon renouvèlman ke Gouvènè Hochul te fè tounen mak fabrik administrasyon li an epi Depatman Transpò a onore pou li mennen inisyativ sa yo".

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap rekonekte anba lavil New York ak bò dlo presye yo atravè Eta a, k ap kreye gwo nouvo opòtinite pou lwazi, touris ak devlopman ekonomik nan pwosesis la. Investisman DRI 1.9 milyon dola nan pwojè Pasrèl la pral rapòte dividann ankò ak

ankò nan amelyore aksè bò dlo, kreye espas rasanbleman piblik esansyèl ak mobilize plis investisman piblik ak prive nan anba lavil Albany k ap pwospere".

Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare, "Mwen kontan wè pwojè Pasrèl Albany an te fini. Nouvo santye pyeton sa a pral kontribiye nan revitalizasyon ekonomik Albany, pandan l ap ranfòse koneksyon moun yo ak Rivyè Hudson ak Sistèm Empire Trail la".

Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, "Pasrèl Albany an se yon lòt devlopman eksitan pou ede revitalize anba lavil Albany an pandan l ap rekonekte li avèk pi gwo resous natirèl nou, bò dlo Rivyè Hudson lan. Pasrèl la pral tounen premye pak lineyè, elve nan Rejyon Kapital la epi pral konekte san pwoblèm ak Santye Empire State miltifonksyonèl ki fèk fini an. Li ilistre tou yon nouvo vag investisman sibile ak transfòmasyon nan potansyèl ekonomik ak rejyonal anba lavil istorik Albany. Pandan n ap konsidere pou n konstwi sou travay sa pou reyimajine plis nan I-787 pou rekipere ak jwenn aksè ankò ak bò dlo Albany an, Pasrèl la pral ede revigore ekonomi lokal nou an ak katye vwazen yo. Mwen remèsye Majistra Sheehan, Konsèy Komen Albany an ak Gouvènè Hochul pou travay yo nan pèmèt pwojè sa a rive reyalize".

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "Se yon jounen eksitan pou pwofite ouvèti Pasrèl Albany an. Konekte Vil Albany ak Corning Riverfront epi founi aksè se te yon pwojè yo t ap tann lontan. Mèsi Gouvènè Hochul, Majistra Vil Albany, Kathy Sheehan, ak tout patnè eta ak lokal mwen yo ki te mete men ansanm pou rann pwojè sa vin yon reyalite".

Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare, "Lè moun yo deside kote yo vle viv ak travay, yo chèche karakteristik inik ak lide nouvo tankou nouvo Pasrèl Albany an ki ale odela komodite debaz yo. Pak elve sa konekte non sèlman anba lavil Albany ak bò rivyè a ak opòtinite lwazi eksitan, li kanpe tou kòm yon espas pou rasanble ak jwi aktivite anplennè yo. Anyen ki gwo pa ka fèt san patenarya epi mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Majistra Sheehan pou vizyon yo sou pwojè sa ki pral ede alimante revitalizasyon kontinyèl katye sa ak atire plis investisman prive alavni".

Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare, "Pasrèl Albany an bay youn nan sektè resansman ki istorikman pi mal sèvi an rejyon nou an avèk yon pak retivalize, opòtinite ekonomik ak yon pòtay byenvini ant bò lanmè Rivyè Hudson, Clinton Square, Arbor Hill ak Sheridan Hollow. Mwen remèsye tout moun ki te ede defann pwojè sa a, sa gen ladan Gouvènè Hochul, Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Dominguez, Vis Prezidan Sena Eta New York la, Pro Tempore Breslin, Manm Asanble Fahy, Manm Asanble McDonald ak Manm Konsèy Love - ansanm ak katye vwazen yo ak kominote dafè a - nan ede kreye youn nan pwojè ki pi transfòmasyon nan vil nou an pandan plizyè deseni".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418